



## Boston Teachers Union : Akò Negosyasyon Kolektiv

Mèkredi 14 Septanm 2022

Megan Costello  
Konseye Prensipal

Jeremiah Hasson  
Direktè Relasyon Travay yo



# Fè Sayan Nouvo Kontra yo

1. Konje Paran Peye
2. Konje Relijye
3. Ranbousman Frè Eskolarite
4. Klas Pi Piti
5. Edikasyon Enklizif



# Vizyon Pataje Nou Pou Yon Edikasyon Enklizif

*Enklizyon livre konplètman lè tout elèv yo edike nan omwen yon anviwònman restriktif epi yo ba yo aksè a yon kontinyòm sèvis konplè ki reponn ak bezwen endividyalize ak espesyal pa yo.*

*Enklizyon an se pa yon kote ni yon pwogram.*

*Tout salklas ki nan Lekòl Piblik Boston yo dwe enklizif.*



# Tranzisyon vè yon Distri Enklizif

- Lang aktyèl Sunset pandan n ap fè tranzisyon an
- Ekip planifikasyon enklizyon nan lekòl yo pou kontribisyon edikatè yo
- Ogmante nan resous akademik yo pou elèv yo ak pèsònèl la
- Ogmante nan fòmasyon pèsònèl la ak tan planifikasyon an
- Klas pi piti
- Gwoup Travay sou Enklizyon Komite Lekòl la
- Lyezon Edikasyon Enklizif



# Ekip Planifikasyon Enklizyon nan Lekòl yo

*Chak lekòl ak elèv y ap sèvi rete inik. Ekip planifikasyon enklizyon yo pral bay yon sèvis kritik nan konstwi yon plan pou chak lekòl ak salklas pou vin enklizif.*

**Ekip planifikasyon enklizyon an pral gen responsabilite pou fè rekòmandasyon sou:**

Devlopman Pwofesyonèl

- Konstriksyon kilti ak eta d espri
- Planifikasyon
- Dotasyon yon kantite pèsònèl
- Revize konpozisyon klas la ak modèl dotasyon kantite pèsònèl yo nan lekòl la
- Estrikti, relasyon ak pwotokòl kominikasyon avèk sistèm SST/MTSS yo.

**Chak ekip pral:**

- Gen ladan l 50% adezyon ak BTU
- Resevwa yon tan planifikasyon apwopriye
- Resevwa yon konpansasyon pou divès reyinyon adisyonèl andeyò jounen travay regilye pa yo ak ane travay pa yo jiska 15 pa ane lekòl.

# Resous Akademik yo

*Nou dwe founi resous finansyè ak pèsonèl nesesè pou soutni chak elèv*

## **Lisans Miltip**

- Yo p ap konsidere doub/trip lisans kòm yon modèl inik livrezon sèvis
- Si pozisyon an mande de (2) lisans, pwofesè yo pral resewa de (2) ane pou jwenn lisans ki rekòmande an a kondisyon yo montre chak ane yo fè divès “pwogrè kontini” selon direktiv DESE a

## **Finansman ak Pèsonèl Adisyonèl:**

- Angajman finansyè enpòtan nan men Majistra Wu pou resous adisyonèl yo
- Salklas yo pral dote yon kantite pèsonèl pou reponn ak egzijans IEP elèv yo (tankou, entèvansyon akademik yo)
- Pwofesè titilè yo, an kolaborasyon avèk lòt edikatè yo ak founisè sèvis yo, li responsab pou tout rezilta elèv yo nan klas pa yo.
- Yon kotch, yon espesyalis, yon fasilitatè, direktè oubyen kowòdonatè ki vize pou soutni ak mete an èv enklizyon epi konstwi kad MTSS la pou chak lekòl.

# Fòmasyon Pèsonèl la ak Lè Planifikasyon

*Founi espas ak tan pou fòmasyon an ak planifikasyon an esansyèl pou yon mizannèv solid.*

## Fòmasyon Pèsonèl la:

- Tout pèsonèl la dwe patisipe nan devlopman pwofesyonèl la
- Tan adisyonèl ki ajoute pou devlopman pwofesyonèl
- Parapwofesyonèl yo dwe rekonpanse epi envite pou patisipe nan devlopman pwofesyonèl la

## Tan Planifikasyon an:

- Pwofesè ki reponn ak egzijans yo pou IEP elèv yo, k ap itilize yon edikasyon jeneral oubyen yon lisans ESL ak yon lisans edikasyon espesyal, pral benefisye yon peryòd adisyonèl 48 èdtan pa semèn pou yon travay sou papyè edikasyon espesyal.
- Bay plis espas kote ki posib pou pèmèt ak pwofesè titilè a travay an kolaborasyon avèk inite a ak plan kou a, ki gen ladan l amenajman ak modifikasyon yo pou asire ke elèv yo jwenn aksè konplè ak pwogram etid la.



# Tay Klas yo

## *Bay sipò entansyonèl kote yo plis nesesè*

- An jeneral, majorite tay klas yo pral redwi paske nou ap mete an èv plan enklizyon yo nan chak lekòl. (*konsilte anèks la pou detay sou tay klas yo*)
- Klas yo p ap gen plis pase 40% elèv ki gen IEP yo.
- Klas ki gen plis pase 30% elèv ki gen IEP yo pral resevwa divès sipò anplis. Sipò sa yo kapab gen ladan yo .5 para, yon .5 pwofesè edikasyon espesyal ak/oubyen yon edikatè adisyonèl, ak/oubyen lòt sipò distri a ap bay yo.
- Gwoup travay enklizyon an pral revize epi fòmile divès rekòmandasyon konsènan chaj travay la ansanm ak chaj travay pwofesè resous yo.





# Gwoup Travay Enklizyon an

## *Kolaborasyon pou mizannè ak siveyans*

Komite Lekòl la pral fòme yon Gwoup Travay Enklizyon pou siveye pwogrè ak mizannèv edikasyon enklizif la nan distri a.

Tout preyokipasyon bò kote ekip Planifikasyon Enklizyon yo nan lekòl la pral abòde pa Gwoup Travay Enklizyon Komite Lekòl la.

Gwoup la pral nome a 50% pa BTU epi a 50% pa prezidan komite lekòl la.

Desizyon gwoup travay yo pran yo ap definitiv, pa ekri epi obligatwa a kondisyon yo konfòm ak egzijans yo nan lwa ak règleman eta ak federal yo ki konsène edikasyon espesyal la ak aprenan lang anglè yo. Relasyon yo kraze pa prezidan Komite Lekòl la.

**Anèks**

Nouvo Tay Klas yo	Kolòn 1	Kolòn 2	Kolòn 3
<b>Klas</b>	Tay klas pou lekòl ki gen yon popilasyon elèv global nan 1ye Oktòb avèk 6,5% oubyen pi piti elèv ki gen IEP yo.	Tay klas pou lekòl ki gen yon popilasyon elèv global nan 1ye Oktòb avèk plis pase 6,5% elèv ki gen IEP yo.	BPS pral fòse pou gen divès objektif tay klas swivan nan lekòl ki gen yon popilasyon elèv global nan 1ye Oktòb avèk 25% oubyen plis elèv ki gen IEP yo. Maksimòm nan p ap depase kolòn 2.
<b>K0</b>	Pa depase maksimòm règleman eta yo.	Pa depase maksimòm règleman eta yo.	Pa depase maksimòm règleman eta yo.
<b>K1</b>	22	20	Pa depase maksimòm règleman eta yo.
<b>K2, 1ye ak 2èm ane</b>	22	22	20
<b>3èm-5èm ane</b>	25	23	20
<b>6èm-8èm ane</b>	28	25	22
<b>9èm-12èm ane</b>	31	28	25
<b>Chaj Travay Pwofesè Resous la</b>	25	25	25

# Demann Bidjè Adisyonèl

- Pou Ane Fiskal 2022 a (FY22), tout depans yo an rezèv
- Pou Ane Fiskal 2023 (FY23), yo pral mande yon ogmantasyon bidjè adisyonèl 37 674 337 \$
- Pou Ane Fiskal 2024 la, ogmantasyon depans yo pral entegre pwopozisyon bidjè nou soumèt ak Komite Lekòl la 1ye Fevriye 2023 pou pwosesis planifikasyon bidjè 2023-24 nou an

# Sa Kontra Kouste an Total

	FY2022 (Ane Fiskal 2022)	FY2023 (Ane Fiskal 2022)	FY2024 (Ane Fiskal 2024)	Kou Total sou Dire Kontra	Ane Fiskal 2024 Anualize
Salè yo	16 849 757\$	34 120 757\$	51 823 533\$	102 794 047\$	51 823 533\$
Eleman baze sou salè yo	357 340\$	723 613\$	1 107 977\$	2 188 930\$	1 107 977\$
Lòt Depans yo	0\$	2 829 967\$	2 914 866\$	5 744 833\$	2 914 866\$
Depans Mizannèy Enklizyon yo	3 441 419\$	12 266 779\$	15 215 354\$	30 923 552\$	15 215 354\$
<b>Total</b>	<b>20 648 516\$</b>	<b>49 941 116\$</b>	<b>71 061 729\$</b>	<b>141 651 361\$</b>	<b>71 061 729\$</b>
Demann Adisyonèl		37 674 337\$			
		Kou Total sou Dire Kontra 3 ane:			141 651 361\$